## ГӀурбана урс хьакхар, Ӏакъикъат дер

## БисмиллахӀиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу Ӏаламийн да волчу АллахӀна. АллахӀер салам-салават хуьлийла Ӏаламех къинхетам беш Дала ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тӀаьхьа мел баьзначарна а. Веза-Сийлахьчу Дала Къуръана чохь боху: **«Баккъалла а, шуьга деана АллахӀера нур** (Мухьаммад)**, билгала жайна а** (Къуръан)**. Цуьнца маьршачу некъашка нисбо АллахӀа Ша резаван къахьоьгуш берш; Шен пурбанца боданашкара серлоне боху Цо уьш, нийсачу новкъа а нисбо».** *«Аль-Маидат», 15-16.*

Ӏакъикъат дер, гӀурбана урс хьакхар а суннатех ду. Бусалба долчу вайна юккъехь хила тарло Ӏакъикъат а, гӀурба а дуьйш боцурш я Ӏакъикъат деран, гӀурбана урс хьакхаран хьокъехь шариӀато бохург цахууш, амма хаа лаам болу нах. Уггар хьалха ишттачарна лерина ду Шемарчу доктор волчу шина Ӏеламстага Аль-Хин МустӀафас, Аль-БугӀа МустӀафас а яздинчу «Аль-фикъхӀ аль-манхӀажий» цӀе йолчу ШафиӀийн мазхӀабан жайни тӀера хӀара ши дакъа. Оцу дезачу шина суннатах шариӀатехь болу кхетам луш, церан баххаш бовзуьйтуш, гӀиллакхаш дуьйцуш ду вайн махкахошна лерина, Делан дуьхьа долчу ниййатца Висарханов Сайд-Ӏелас, Илесов Ӏарбис гочдинчу оцу шина декъах лаьтташ долу хӀара жайна.

## ГӀурбана урс хьакхар

Ӏарбийн маттахь «удхьиййат» олу гӀурбана урс хьакхарх. ШариӀатехь долу цуьнан маьӀна а, бух а буьйцур бу вай.

ГӀурба бохург – Ӏийдан дийнахь, я цул тӀаьхьа догӀучу кхаа дийнахь, Далла герга хиларан ниййатца, эмкална я бежанна, я уьстагӀна, я газанна урс хьакхар ду. ШариӀатехь болу цуьнан бух – иза Делан дош ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьайн Далла ламаз де ахь, тӀаккха гӀурбана урс хьакха».** *«Аль-Кавсар», 2.* ХӀокху аятехь Дала омра дарца билгалдина, Ӏийдан ламаз динчул тӀаьхьа бен гӀурбана урс хьакхар нийса ца хилар.

Маликан кӀанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **гӀурбана урс хьаькхира, кӀайчу, яккхий маӀаш йолчу шина коьмана. Шен куьйга цаьршинна урс хьаькхира цо, «Бисмилла́хӀ, Алло́хӀу Акбар», - олуш, шен ког уьстагӀан ворти тӀе а буьллуш».** *Бухари, Муслим.*

## **ГӀурба деран хьикмат** (маьӀна)

Вайна хаа деза, гӀурбана урс хьакхар Ӏибадат дуй. Иштта хаа деза, гӀурбанах болу пайда Делан дуьхьа динчу оцу Ӏибадатан йолал-мелал тӀаьхьа бен ца хуьлий.

ГӀурба дерца дозаделла шатайпана мехала маьӀна – ИбрахӀим-пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) деза-доккхачу урсхьакхаран маьӀна дендар ду. Дала зийра иза, шен кӀантана урс хьакха аларца. Шен омра кхочушдан хӀоьттинчу дена, оцу омранна резахилла цуьнан кӀант волуш, Дала оцу кӀентан меттана урс хьакха ка баийтира.

Цул сов, ала мегар ду, гӀурбана урс хьакхарца доьзначу Ӏийдан деношкахь – гӀийла-мискачарна, церан цӀийнан охӀланна хазахетийтар, догъэцар ду. Цуьнца цхьаьна чӀагӀло бусалба нехан вежаралла, церан вовшашца йолу марзо.

## **ГӀурбана урс хьакхаран хьукма**

ГӀурбана урс хьакхар – иза чӀагӀдина суннат ду. Доьзалехь цхьамма гӀурба дийча, массарна а кхачам бо цо, цуьнан ял а хуьлу массарна. Бакъду, гӀурба дер важиб хилла тӀедужу шина бахьаница:

1) ГӀурбана урс хьакха мегачу шен долахь долчу хьайбанна тӀе ишар йича.

ХӀара ду-кх сан гӀурба, я, хӀокху бежанна (уьстагӀна, газанна) гӀурбана урс хьокхур ду ас, аьлла, цо и хьайба билгалдаккххахь, тӀаккха оцу стагана важиб хуьлу оццу хьайбанна гӀурбанна урс хьакхар.

2) ГӀурбана урс хьакхарца Далла гергавахар тӀелаьцча, масала, сайн Делан дуьхьа, гӀурбана урс хьокхур ду аса, аьлча.

Иштта важиб хилла долчу гӀурбана урс хьаькхча, цунах долу жижиг дерриге сагӀина дала деза, шена тӀера дийначунна иза даа ца мега.

## **ГӀурбана урс хьокхучун бехкамаш**

Баккъалла а, гӀурбана урс хьакхар суннат ду-кх, шегахь хӀара бехкамаш болуш волчунна:

1) Бусалба хилар. Бусалба воцчуьнга эр дац, гӀурбана урс хьакха, аьлла.
2) Пхийттара ваьлла волуш, хьекъал долуш хилар. Ша пхийттара валаза волчунна а, хьекъална эшна волчунна а тӀерадолу гӀурба дер.

3) ГIурба ден ницкъ кхочуш (аьтто болуш) хилар. ГIурбана урс хьокхучу дийнахь, цул тIаьхьа догIучу кхаа дийнахь шена а, шен доьзална а луш долчу напханал алсам рицкъа долуш иза велахь, гIурба дер суннат ду цунна.

## ГIурбана урс хьакха магийна долу хьайбанаш

ГIурбана урс хьакха магийна хьайбанаш:

1) Эмкал;
2) Бежана (гомаш);
3) УьстагI (газа).

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIора умматна Оха делла гIурбана урс хьакхар** (я урс хьокху меттиг)**, цаьрга АллахIан цIе хьахаяйта Цо шайна рицкъана деллачу хьайбанашна тIехь** (шаьш царна урс хьокхучу хенахь)**».** *«Аль-Хьаж», 34.*

Хьайбанаш бохучу дашо юкъалоцу эмкал, бежана, уьстагI, хIунда аьлча Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан асхьабаша а кхечу хIуманца гIурба дийна аьлла схьадеана дац. ГIурбана урс хьокхуш долу хьайбанаш боьрша я стен хилар башхалла яц.

ГIурбана урс хьакха тоьлаш ерг эмкал ю, тIаккха бежана ду, тIаккха уьстагI бу. Цхьана эмкална, бежанна а урс хьакха мегар ду ворхIанна тIера. IабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Хьудайбият шарахь Пайхамарца** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цхьаьна оха гIурбана урс хьаькхира: эмкална – ворхIанна тIера, бежанна – ворхIанна тIера».** *Муслим.*

## ГIурбана урс хьакха магийначу хьайбанан бехкамаш

а) Хенаца болу бехкам:

– эмкал пхи шо кхаьчна, йолхалгIачу шаре йирзина хила еза;
– бежана, газа - ши шо а кхаьчна, кхоалгIачу шаре йирзина хила еза;
– уьстагI цхьа шо а кхаьчна, шолгIачу шаре бирзина хила беза, я цуьнан шо кхачаза делахь а, шен хьалхара цергаш хийцина хила беза. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«ГIурбана урс хьокхуш болчу уьстагIах диканиг – иза шен хьалхара цергаш хийцинарг бу».** *Ахьмад.*

б) Сакхтах маьрша хилар. ГIурбана урс хьокхуш долу хьайба жижигна эшам беш долчу сакхтах маьрша хила деза. БIаьрзе берг, астагIаниг, гирз даьлларг,

тIех гIийла берг, лерга тIера цхьа жимма а дакъа даькхинарг а мегар бац гIурбана. Амма лергана Iуьрг даькхина я кIеззиг лерг хадийна хилча, гIурбана мегаш бу иза. Iазибан кIанта Барраа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Диъ хIуманах цхьаъ шеца долу хьайба гIурбана мегар дац: бIаьрзе берг, шен бIаьрзе хилар билгала долуш; цомгаш берг, шен цомгаш хилар билгала долуш; астагIа берг, шен астагIа хилар билгала долуш; гIийла-оза берг, шен тIум йоцуш».** *Тирмизи.*

ХIара сакхташ санна лоруш ду церан жижиг эшош долу кхидолу сакхташ а.

## ГIурбана урс хьокху хан

ГIурбана урс хьокху хан йолало Iийдан дийнахь малх схьакхеттачул тIаьхьа ши ракаIат суннат ламаз далла а, ши хутIба дешшал а хан дIаяьлча. Iийдан денна тIаьхьхье догIучу кхин кхаа дийнахь (ташрикъан денош) мегаш ду гIурба ден. ГIурбан денош – зуль-хьижжат беттан 10-11-12-13-гIа денош ду. Оцу 13-чу дийнахь малх чубуьзча, гIурбанан хан чекхйолу.

ГIурбана урс хьакхарехь тоьлаш йолу хан – Iийдан ламаз дина маделлинехь ерг ю. Ламаз дале хьалха урс хьаькхна волчун гIурба хир дац. Iазибан кIанта Барраа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIара Iийдан де ламаз дарца дIадолор ду вай, тIаккха вайн хIусамашка дIадахана, гIурбана урс хьокхур ду вай. Иштта и гIурба дийнарг** (Iийда ламазал тIаьхьа)**, иза вайн некъа тIехь** (суннат лардеш) **ву, амма ламаз дале хьалха урс хьаькхначо шен доьзална даа жижиг хилийтина, къобалдеш долу гIурба дац цо дийнарг».** *Бухари.*

МутIIиман кIанта Джубайра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дерриге а ташрикъан** (зуль-хьижжат беттан 11-12-13-гIа) **денош гIурбана урс хьокху хан ю».** *Ибн Хьиббан.*

## ГIурбанан жижигах дийриг

Нагахь санна гIурба дер цунна важиб хиллехь, лакхахь вай хьахийначу шина бахьанех цхьа бахьана а нисделла, и гIурба дийначунна я цо напха латто дезачу цуьнан доьзална а цу жижигах хIумма а яа мегар дац.

Нагахь царах цхьамма цунах яахь, токхур ду цо иза я цуьнан мах дIалур бу. Нагахь санна гIурба дер цунна суннат делахь, цунах цхьа дакъа сагIина делчхьана, тIаккха цо шена луъучул яа мегар ду оцу гIурбанах. Амма цунна тоьлаш дерг – оцу гIурбанан беркатна, цхьажимма шена чохь даа дитина, диснарг сагIина дIадекъар ду.

И гIурба дийначунна дика ду, кхоалгIа дакъа шена чохь даа дитина, важа кхоалгIа дакъа мискачу нахана сагIина дIадалар, тIаккха дисина долу дакъа шен гергарчарна, лулахошна, накъосташна, уьш хьалдолуш белахь а, дIадалар. Бехаш болчарна делларг, цаьрга даийтархьама, совгIатана делла хуьлу, церан бакъо яц иза дохка.

Амма мискачу нахана делларг – иза церан долахь хуьлу, цунах шайна луъург дан маьрша бу уьш. Вай дийцинчун бух – иза Дала Шен Сийлахьчу Къуръана чохь аьлларг ду: **«Эмкалш хилийтина Оха шуна АллахIан динан билгалонашха, шуна цаьргахь дика ду. Аш хьахае АллахIан цIе царна урс хьокхучу хенахь, уьш ирахь лаьтташ йолуш** (цхьа ког бихкина а болуш, кхаа когa тIехь дIахIоьттина йолуш)**. Уьш шайн агIонашна тIе охьаэгча, аш даа цунах** (жижиг)**, дааде** (шегахь долчух) **тоам беш волчунна а, доьхуш волчунна а».** *«Аль-Хьаж», 36.*

Ша гIурба дийначунна тIехь ду-кх, ша дийначу гIурбанан цIока сагIина ялар я ша цунах пайдаэцар, амма цунна мегар дац и цIока йохка я урс хьаькхначунна и йолана яла. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ша дийначу гIурбанан цIока йохкина волчун гIурба** (къобал) **хир дац».** *Хьаким.*

## ГIурбанах хIотталуш долу суннаташ, гIиллакхаш

Хьалхарниг: зуль-хьижжат беттан хьалхарчу итт дийна чохь цо ниййат дахь: «Дала мукълахь, гIурба дуьйр ма ду ас», - аьлла, тIаккха цунна суннат ду, ша гIурбана урс хьаккхалц мас а, мIара а цахадаяр.

Умму Саламата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Зуль-хьижжат беттан** (хьалхара) **итт де тIекхаьчча, шух цхьаъ гIурбана урс хьакха лууш а волуш, цо шен чоьшха а, мIарашха а хIумма дIа ма хадайойла** (ша урс хьаькхна валлалц)**».** *Муслим.*

ШолгIаниг: урс хьокхуш волчунна ниййат дар важиб ду, урс ша хьакхар деза а ду цунна. Нагахь ша и хууш вацахь я цхьана бехказлонна цо и

урс ша ца хьакхахь, цо векал ван мегар ду урс хьакха хууш верг. Бакъду, цунна суннат ду шен векало урс хьокхучу хенахь ша цигахь хилар. Абу СаIида аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ФатIимате элира, аьлла: **«Хьо хьажалахь хьайна тIера гIурба дуьйчу хенахь, баккъалла а, цуьнан духхьара охьадовлучу цIийн тIадамашца Дала хьуна хьан хьалхалерачу къиношна гечдийр ду».** ТIаккха ФатIимата (Дела реза хуьлийла цунна) хьаьттира: **«ХIай Делан Элча, гIурба дерца долу гечдар къаьсттина вайна а, вайн цIийн охIланна а ду, я вайна а, бусалба нахана массарна а ду?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) жоп делира: **«Баккъалла а, вайна а, бусалба нахана массарна а ду».** *Хьаким.*

КхоалгIаниг: бусалба нахана тIехIоьттинчу хьаькамна я имамана суннат ду бусалба нехан юкъарчу даьхнех бусалба нахана тIера гIурба дер. Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьана коьмана гIурбана урс хьаькхира, аьлла. Ша цунна урс хьокхучу хенахь, цо элира: **«БисмиллахIи, Везан Дела, хIара гIурба къобалде Ахь Мухьаммадера, Мухьаммадан цIийнан охIланера, Мухьаммадан умматера а».** *Муслим.*

Нах Iийдан ламазна вовшахкхеттачу меттехь гIурбана урс хьакхар суннат ду. Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **гIурбана урс Iийдан ламаз дечу меттехь хьокхура».** *Бухари.*

## Iийдан ламаз даран куц-кеп

ГIурбанан Iийдан ламаз - Iуьйранна малх схьакхеттачул тIаьхьа, делкъа ламазан хан хилале дан мегаш ду. ГIоли леринарг ю малх цхьамзин барамехь хьалабаьлла хан. Iийдан ламаз до маьждигехь я цу чу адам тарлуш дацахь – йоккхачу майданахь. Оцу ламазе бахка мегаш ду божарий, зударий, бераш.

Ламаз доьхкуш, имамо ниййат иштта дийр ду: **«Ас ниййат ди, жамIатца ши ракаIат Iийдан ламаз со имам хиллачу хьолехь Далла дан, Алло́хIу Акбар»**, – аьлла.

Имамана тIаьхьахIоьттина ламаз деш волчо ниййат иштта дийр ду: **«Ас ниййат ди, жамIатца ши ракаIат Iийдан ламаз имамана тIаьхьа Далла дан, Алло́хIу Акбар»**, – аьлла.

Іийдан ламазан Фатихьат (бисмилла) имамо чІогІа доьшу. Имамана тІаьххье хьалхарчу ракаІатехь ворхІазза «АллóхІу Акбар» эр ду, хІора «АллóхІу Акбар» мосазза олу, ши куьг ламаз доьхкуш ма-айъара хьала ойбуш, гІеххьа долу аят дешшал йолу хан юккъе йолуьйтуш. Суннатехь ду, оцу хенахь: **«СубхьáналлóхІи, валь-хьамду лиллáхІи, ва лá илáхІа иллаллóхІу, валлóхІу Акбар»**, - алар. Цул тІаьхьа имамо, АІузу биллахІи минашшайтІониррожим аьлла, Фатихьат доьшур ду. И дешна ваьлча, амин аьлла, тІаьхьахІиттинчара меллаша, шайна хаззал долчу озаца Фатихьат деша деза. Кхиахь, имам рукуІе вахале Фатихьатна тІаьхьа кхин а Къуръанан доца сурат я масех аят доьшур ду. ШолгІачу ракаІатехь пхоьазза «АллóхІу Акбар» эр ду, сужданера хьаланислуш олуш дерг доцург. Царна юккъехь доьшур ду хьалхарчу ракаІатехь дешнарг. Этхьиг дешна, имамана тІаьххье салам а делла, дерзор ду и ламаз. Цул тІаьхьа имамо дечу шина хутІбане ладугІур ду.

## Іийдан дийнахь лардан деза суннаташ

Лардан дезаш ду гІурбанан Іийдаца доьзна долу хІара суннаташ:

1) Іийдан дийнахь ша ламазе вахале хьалха лийчар, керла бедар йохар, ІатІар я и санна хаза хьожа йолу хІума тохар суннат ду.
2) Іийдан ламазе хьалххе вахар а ду суннат.
3) Іийдан ламазе гІаш волавелла вахар а суннат ду.
4) Іийдан ламазе хІума ца кхоллуш вахар суннат ду.
5) Ша ламазе ваханчу новкъахула ца вогІуш, кхечу новкъа вухавар суннат ду.
6) ГІурбанан дийношкахь хІора фарз ламазал тІаьхьа **«АллóхІу Акбар, Аллóхlу Акбар, Аллóхlу Акбар, лá илáхIа иллаллóхIу, валлóхIу Акбар, Аллóхlу Акбар, ва лиллáхIиль хьамд»** алар суннат ду.

## Іакъикъат

Іарбийн маттахь Іакъикъат дешан маьІна – цхьа хІума хадаяр бохург ду. Шен бухехь иза доьзна ду дуьненчу даьллачу беран месаш хадаярца (дІаяшарца). Амма шарІехь цуьнан маьІна ду, дуьненчу даьллачу берана тІера (цуьнан корта бошучу хенахь) урс хьокхуш йолу хІума (уьстагІ, газа, бежана) бохург.

Іакъикъат деран хьукма вай билгалдоккхуш хилча, нийса хир ду иза чІагІдина суннат ду алар. И дуьйр ду оцу дуьненчу даьллачу берана тІера оцу берана напха (юург-мерг) латто дезаш волчо – иза да ву. Іакъикъат дер суннат хиларан делил далор ду вай. Вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийнера иза, цуьнан асхьабаша (Дела реза

хуьлийла царна) дийнера иза. Іамиран кІанта Салмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«КІантана тІера Іакъикъат дер догІу. Аш цунна тІера цІий Іанаде, аш дІаяккха цунах йолу мода а, нажжас а».** *Бухари.*

Іакъикъат ден мегаш йолу хан йолало, и доьзалхо шен ненах дІакъастарца (дуьненчу валарца). Нагахь санна и бер дуьненчу далале хьалха цунна тІера Іакъикъат дийнехь, и Іакъикъат лорур дац, хІунда аьлча Іакъикъатехь суннат дерг – и бер шен ненах дІакъаьстина хилар ду.

Іакъикъат дер суннат хуьлий лаьтта, и бер пхийттара даллалц, цул тІаьхьа и бер пхийттара даьлча, цуьнан дена тІера дІадолу и Іакъикъат деран декхар. Оцу беро, пхийттара далале шена тІера цхьамма Іакъикъат дийна дацахь, и ша-шена тІера дер гІоли ду цунна, шех дІатилларг тІекхиош.

Суннат дерг-м, бер дуьненчу даьлла ворхІалгІачу дийнахь Іакъикъат дер ду. Джундубан кІанта Самурата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХІора бер шен Іакъикъатах доьзна ду. Цунна тІера урс хьокхур ду ворхІалгІачу дийнахь, цунна цІе а туьллур ю, цуьнан корта а бошур бу».** *Абу Давуд.*

«Іакъикъатах доьзна» бохучун маьІна – и бер дика кхиарехь а, хаза кхоччуш лардарехь а маьрша, паргІат а хир дац, шена тІера Іакъикъат деллалц, бохург ду. Кхечо далийна цуьнан маьІна ду: оцу беро къематдийнахь шен дена а, нанна а шапаІат дийр дац, нагахь санна цунна тІера Іакъикъат дийна дацахь, аьлла.

ШарІехь Іакъикъатан тамашийна хаза къайленаш ю, дуккха а маслаІате хІуманаш ду, дуккха а пайданаш бу, царах дерг хьахор ду вай тІаьхьа догІучуьнца:

1- Веза-Сийлахьчу Дала и доьзалхо дуьненчу ваийтар дена-нанна боккха кхаъ бу, цаьршинна дукха дезаш хІума а ду, АллахІа цаьршинна луш доккха ниІмат а ду. ТІаккха там болуш ду-кх и бер шайна делла волчу АллахІна шукра дар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аш Цунна** (АллахІна) **шукра дахь – Иза реза хуьлу шуна».** *«Аз-Зумар», 7.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Нагахь санна аш шукра дахь** (шайна деллачу ниІматашна)**, шу совдахаза Іийр ма вац Со».** *«ИброхІим», 7.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Даьхни а, доьзал а дуьненан дахаран хазалла ю».** *«Аль-КахІф», 46.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Адамашна хаздина зударий а, кIентий а безар…»** *«Алу Iимран», 14.*

2- Шена доьзалхо виний нахана хаийтар, хIунда аьлча цунна цадезарг нахе ца алийта. ТIаккха Iакъикъат дер хуьлу-кх тIех дика, оцу балхана нах тIенисбеш, кхуьнан доьзалхо вуй хоуьйтуш а.

3- Шен комаьршалла кхиаяр, синошкахь хуьлуш йолу бIаьрмецигалла юхатохар а. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Синошкахь** (йина-кх) **бIаьрмецигалла».** *«Ан-Нисаъ», 128.*

**«Шен дегIан бIаьрмецигалла юхатоьхнарш – уьш бу-кх декъалхилларш».** *«Аль-Хьашр», 9.*

4- Шен цIийнан охIланан а, гергарчеран а, накъостийн а, мискачу нехан а дегнаш хьастар. Уьш цхьаьна шуьна тIехь гулбарца, уьш вовшахтохарца а чIагIло церан уьйр, безам а. ТIаккха бусалба дино хьоьху-кх вайна, вовшашлахь уьйр, безам, барт болуш хила дезар.

Iакъикъатан суннат кхочуш хуьлу кIантана тIера цхьа уьстагI бийча, йоIана тIера а цхьа уьстагI бийча. Цуьнан делил хIара ду. Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **Хьасанна тIера Iакъикъатана цхьа уьстагI бийра».** Тоьлаш дерг (дезаниг) ду, велис кIантана тIера ши уьстагI бер, йоIана тIера – цхьа уьстагI. Цуьнан делил Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцинарг ду, цо элира: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **омра дира, кIантана тIера цхьатерра ши уьстагI бе, йоIана тIера цхьа уьстагI бе, аьлла».** *Тирмизи.*

Суннат долчу Iакъикъатехь кхачам хир бац, стага цхьа уьстагI цхьаннал сов долчу берашна (шинна я кхаанна) тIера бийча. Суннатехь нийса дерг – хIоранна тIера шена-шена урс хьакхар ду; цхьанна тIера цхьа уьстагI буьйр бу; шинна тIера ши уьстагI буьйр бу; кхаанна тIера кхо уьстагI буьйр бу, иштта кхидIа а. Шала дина ши бер делахь (двойняшки), цаьршинна тIера ши уьстагI буьйр бу, цхьана уьстагIах кхачам хир бац. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **Хьасанна а, Хьусайнна а тIера Iакъикъатана цхьацца ка бийра».** *Абу Давуд.*

Кхечу хьадисехь деана: **«Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **Iакъикъат дийра Хьасанна а, Хьусайнна а тIера, цхьатерра болу шишша ка а буьйш».** *Хьаким.*

Іакъикъатехь - гІурба дерехь боллу бехкамаш бу, юьйш йолчу хІуманан шерашций, цуьнан жижигна эшам беш долчу сакхтех маьрша хиларций а йолчу агІонгахьара, хІунда аьлча Іакъикъат, гІурба санна, урс хьакха магийна хьайба ду. Іазибан кІанта Барраа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Диъ хІуманах цхьаъ шеца долу хьайба гІурбана мегар дац: бІаьрзе берг, шен бІаьрзе хилар билгала долуш; цомгаш берг, шен цомгаш хилар билгала долуш; астагІа берг, шен астагІа хилар билгала долуш; гІийла-оза берг, шен тІум йоцуш».** *Тирмизи.*

ХІокху деа сакхтах тардо массо а царах тераниш а, оцу бежанан а, уьстагІан а жижигна эшам беш, и гІелдеш долу сакхташ. Іакъикъатехь болу бехкамаш гІурбанан бехкамех терра бу бохург, и шиъ массо а хІуманца вовшех тера ду бохург дац. Цаьршинна юккъехь йолу башхаллаш билгалйийр ю вай тІаьхьадогІучуьнца:

1- Іакъикъатан жижиг, кхидолчу тойнашна санна, кхеххкадар суннат ду. И жижиг, кхехка а дина, лур ду сагІина. ГІурба санна, буйда долуш сагІина лур дац иза.

Суннат ду-кх, Іакъикъатан жижиг хаза, мерза кечдар, оцу беран гІиллакхаш а иштта хаза а, дика а хилийта. Тоьлла дика дерг – оцу Іакъикъатехь кхеххкийна жижиг а, чорпа а мискачу нахана сагІина ялар ду, уьш схьакхайкхина я царна дІаяхьийтина, иза шайн яа, сагІина яла а царна суннат хиларх терра.

2- Оцу Іакъикъатан жижиган даьІахкаш, шайн тар ма-лло, кег ца яр суннат ду, бакъду, цара и уьстагІ шен хуттургашкахула вовшахбоккхур бу, оцу беран даьІахкаш могуш-маьрша хиларе догдохуш.

3- Суннат ду, оцу Іакъикъатан тІа (бийнарг уьстагІ я газа елахь) буьйда а долуш (кхеххкийна а доцуш) сагІина и бер схьаэцначунна далар. ФатІимата (Дела реза хуьлийла цунна) динера иза, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омранца.

Дуьненчу даьллачу берана цуьнан ворхІалгІачу дийнахь цІе тиллар суннат ду, иштта цунна хаза хилла йолу цІе харжар а ду суннат. Цуьнан делил – Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дош ду: **«Баккъалла, къематдийнахь шуьга кхойкхур ду шайн цІерашца, шун дайн цІерашца а, тІаккха аша хаза цІераш тахка шайна».** *Абу Давуд.*

Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Далла дукхаезаш йолу шун цIераш: IабдуллахI, Iабдуррохьман а ю».** *Муслим.*

Оцу беран, кIант хуьлийла я йоI хуьлийла иза, цуьнан ворхIалгIачу дийнахь, цунна тIера Iакъикъат дийначул тIаьхьа, корта башар суннат ду, сагIина хIума лур цунна тIера, цуьнан месийн йозаллийн барамехь долу деши я дети. Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Iакъикъат дийра Хьасанна тIера цхьана уьстагIца, тIаккха цо элира: **«ХIай ФатIимат! Цуьнан корта дIабаша, цуьнан месийн йозаллийн барамехь сагIина дети ло».** *Тирмизи.* ФатIимата (Дела реза хуьлийла цунна) уьш оза а уьйзира, церан йозаллийн барам цхьа дирхIам я цунах цхьа дакъа дара.

Суннат ду, дуьненчу даьллачу берана, и дуьненчу ма-делли, аьтту лерехь молла кхайкхар, ткъа аьрру лерехь къамат дар. Оцуьнца цхьаьна, бер дуьненчу доллушехь дуьххьара цунна хезаш долу хIума Дела цхьаъ хилар ду.

Абу РофиIан кIанта IубайдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) шен дегара дийцина, цо элира: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **гира суна, ламазна ма-кхайкккхара, Iелин кIентан Хьасанан лерехь** (и дуьненчу ваьллачу хенахь) **молла кхойкхуш».** *Тирмизи.*

Суннат ду, дуьненчу даьллачу берана, кIант велахь а, йоI елахь а, бага хурма хьакхар. Бага хурма хьакхар бохург – цкъа ша хурма Iовша а Iаьвшина, тIаккха оцу берана (цуьнан кийра цунах марзо кхачийта) бага хьокхур ю иза, бохург ду. Нагахь санна хурма яцахь, кхийолу мерза хIума багахьокхур ю цунна.

Бага мерза хIума хьакхар суннат хиларан делил - хIара хьадис ду. МаликIан кIанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) элира, ша вахара ансарех волчу Абу ТIалхьатан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна) эцна Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу, и IабдуллахI дуьненчу ваьллачу хенахь. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вара шен эмкална тIе хIума хьокхуш, иза кечъеш. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира: **«Хьогахь хурманаш юй?»** Ас элира: **«Ю».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) и хурманаш схьа а эцна, бага а тесна, Iаьвшира, цул тIаьхьа оцу беран бага дIа а йиллина, цуьнан бага хьаькхира уьш. Цул тIаьхьа и бер доладелира и хурманаш цIубъян. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ансараш хурманаш дукхаезаш бу».** ТIаккха цунна цIе а тиллира цо, IабдуллахI аьлла. *Муслим.*

Абу Мусас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Суна кIант винера, иза Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **волчу вигира ас; цунна цIе тиллира цо ИбрахIим аьлла, бага хурма а хьаькхира цо кIантана».** *Муслим.*

Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Баккъалла а, Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **шена тIе бераш далош цхьаъ веача, уьш беркате хилийтар доьхура, царна бага хурма а хьокхура цо».** *Муслим.*

Вай хьехийначунна тIе а доьгIна, Iеламнаха аьлла: «Вайна суннат ду, шен доьзалхо дуьненчу ваьлча, Делах кхоьруш волчу дикачу стаге берана бага хурма а хьокхуьйтуш, цуьнга доIа а дойтуш, дикачу хIуманца беркате хилийтар доьхуьйтуш, Делах кхоьруш волчу оцу дикачу стагана тIе и доьзалхо вигар».

Сунтдар – иза бехке меттигах чкъор хададар ду. Бер сунтдар важиб хиларан делил далор ду вай. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делере салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дуьххьара дуьйна а схьадогIуш дерг** (хьалха хилла болчу пайхамарша хаьржина хилла долу) **пхи хIума ду: бер сунтдар ду, бехке меттигана гондхьара чо дIабаккхар, пхьаьрса кIелхьара чо бухбаккхар, мIараш хадаяр, мекх даццар».** *Бухари, Муслим.*

Бер сунтдарехь бехкам бац и бер жима хилар; бер сунтдан мегар ду жима долуш а, доккхахилча а. Делахь а велина суннат ду, и бер дуьненчу даьлла ворхIалгIачу дийнахь сунтдар, нагахь санна и сунтдеш волчу лоьрана оцу беран иза лан ницкъ кхочур бу аьлла хетахь а, иза цомгуш дацахь а. Iарбий бара, бусалба дин тIедале хьалха дуьйна а шайн бераш сунтдеш, иза дарца шайн дена ИбрахIим-пайхамарна (Делера салам хуьлийла цунна) тIаьхьа а бозуш.

Бер сунтдарна шариIатехь долу хьикмат, иза цIена хиларехь, цIано ярехь совдалар ду, шеко яц, сунтдаро берана цIано ярехь гIо деш хиларх. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, АллахIна дукхабеза тоба деш берш, цIано еш берш а».** *«Аль-Бакъарат», 222.*

Тоба деш волчо, шеко йоцуш, хоуьйту, ша къинойх а, сакхтех а цIена хилар.

Суннат ду, доьзалхо гучуваларца доьзна божарша да декъалвар, зударша нана декъалъяр. Божарша эр ду дега: «Дала беркате войла хьуна и

доьзалхо! Дала, хьуна дика муьтIахь волуш, кхиавойла иза! Дала цуьнан дика лойла хьуна!»

ТIаккха дас царна дуьхьал жоп далар суннат ду: «Дела реза хуьлийла шуна, Дала шуна а дойла беркат, Дала йоккха ял лойла шуна!»

Иштта зударша нене а эр ду, нанас царна жоп лур а ду. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла, ша шуна дика, пайде хир долу хIума ца дуьйцуш ца Iийна, вон хIума билгал ца доккхуш ца Iийна. Диканех, беркатечех ду Iакъикъат деран, гIурбана урс хьакхаран суннаташ. ШариIатехь уьш довзийтаран нийййат тхайн кхочуш а хилла, динарг баккъал Делан дуьхьа хиларе догдоху оха!

Массо хIума хууш верг АллахI Ву!

Жайна тIедуьзна а, тодина а ду
Гочдинарг – А. А. Илесов
Рецензенташ – М-Э. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов
Редактор – Асламбек Гайтукаев
Верстка – Сайд-Мохьмад Тасуев

Издание дополненное, переработанное
Переводчики – А. А. Илесов, С. А. Висарханов
Рецензенты – М-Э. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов
Редактор – Асламбек Гайтукаев
Верстка – Сайд-Мохьмад Тасуев